

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
Ruelle Waag  
Port-au-Prince Haïti 6110

nan kolaborasyon ak

## *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[cenjp@yahoo.com](mailto:cenjp@yahoo.com)  
[www.justicepaixhaiti.org.ht](http://www.justicepaixhaiti.org.ht)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa janvye rive mas 2019**

**70 rapò kote JILAP ap atire atansyon Otorite yo nan peyi a  
sou sityasyon vyolans lan...**

# 70

Orijinal an kreyòl  
Texte en français : voir pages 3 et 15-23  
Résumé en anglais, p.4 ; en espagnol, p.5  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source

## Lèt toulouvri pou Otorite Egzekitif, Lejislatif, Jidisyè ak Polisyè nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens salye nou tout ak anpil respè.

Rapò premye trimès lane 2019 la, fè JILAP rive nan 70<sup>yèm</sup> rapò trimèstriyèl li depi li kòmanse fè obsèvasyon vyolans ak vyolasyon dwa moun nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Soti lane 2002 pou rive nan lane 2019, Komisyon an deja pibliye 70 rapò, sa fè yon total 210 mwa, oubyen 17 lane ak 6 mwa. **Sa fè tou plis pase 17 lane depi JILAP ap atire atansyon Otorite yo nan peyi a sou sitiwayon vyolans lan. JILAP fè anpil rekòmandasyon bò kote Otorite nan twa Pouvwa Leta yo, kèlkeswa tandans politik yo, pou mande yo aji sou pwoblèm grav sa a k ap sakaje peyi a.**

Nan nouvo rapò sa a, Komisyon an rejistre mwens ka moun ki mouri ak zak vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan parapò ak dènye trimès lane 2018 la. Epoutan, Komisyon an pa kwè klima ensekirite a bese, men gen lòt bagay nou dwe konsidere. Tankou gwo zak vyolans yo vin pi difisil pou jwenn enfòmasyon sou yo, epitou, anpil moun mouri ak zak vyolans nan katye popilè yo san nou pa rive rejistre yo. Selon sa plizyè temwen fè n konnen, bandi yo vin devlope pwòp fason pa yo pou disparèt kadav yo. Nou kapab site sa k ap pase nan mache Kwadèbosal, nan Tokyo, nan Savann Pistach, nan Lasalin, nan Kanaran ak nan Site Solèy.

**Jistis ak Lapè kondane ak tout fòs li tout zak vyolans k ap fèt nan peyi a, kèlkeswa moun k ap fè li ak pou kèlkeswa rezon kit a fè li fè zak la, paske yon batay pou lavi pa mache ak vyolans. Vyolans ak Lavi se lèt ak sitwon.**

Nan rapò sa a, Komisyon an mande pou enstitisyon Lapolis la abouti epi rann piblik diferan ankèt yo k ap fèt sou moun ki mouri ak zak vyolans. Kit moun ki mouri a se yon polisye, kit li se yon sitwayen oubyen yon sitwayèn òdinè anndan sosyete a. Li mande tou, pou medya yo veyatif anpil lè y ap bay lapawòl ak yon seri bandi k ap simaye dèy nan mitan popilasyon an. Pratik sa yo kapab twomatize popilasyon an epitou rann li pa ka bay Lapolis bonjan enfòmasyon pou derasinen malfektè sa yo. Anplis, gen yon seri kesyon ki poze, lè yo kite malfektè ekspoze epi fè lwanj krim yo te fè yo. Lajistis tou dwe aji. Li pa nòmal pou laklamè piblik fè tout denonsyasyon sa yo sou mòd fonksyonman gwoup gang nan peyi a, epitou Komisè Gouvènman yo sanble pa janm louvri yon ankèt sou sa laklamè piblik denonse yo. Nan rapò sa a tou, Komisyon an pale sou evènman ki te pase sòti 7 pou 18 fevriye 2019, kote Lapolis la te aji ak anpil britalite sa ki te lakòz yon ventèn moun mouri ak yon trantèn lòt te blese.

Komisyon Jistis ak Lapè kwè pa gen anyen ki kapab ranplase lavi. Twòp san koule nan katye popilè yo. Poukisa otorite Leta yo pa elabore yon bonjan plan sekirite pou katye popilè yo? Poukisa se gwoup gang yo k ap fè lalwa nan katye popilè yo? Ki wòl CSPN nan genyen devan yon sitiwayon konsa? Pou kisa Komisè Gouvènman an pa di anyen devan zak vyolans ki reprann nan Lasalin ak nan Site Solèy? Jounen jodi a otorite nan twa (3) Pouvwa Leta yo dwe voye yon lòt siyal bay popilasyon an, yon siyal chanjman ki montre toutbon vre yo gen volonte pou aji sou zak vyolans k ap fèt nan sosyete a.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout sèvis nan Leta a tankou : Lapolis Nasyonal d Ayiti (PNH) ak Lopital Jeneral (HUEH) ki te pèmèt nou verifye kèk enfòmasyon oubyen kèk done. Komisyon an remèsye nou yon lòt fwa pou bonjan atansyon n ap bay 70<sup>yèm</sup> rapò sa a.

## Lettre ouverte aux Autorités Exécutives, Législatives, Judiciaires et Policières du pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-Au-Prince vous saluent avec respect.

Avec ce premier rapport de 2019, JILAP termine son 70<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. Entre 2002 et 2019, la Commission a publié 70 rapports ; cela signifie 210 mois ou encore 17 ans et demi d'observation et de recherche. **Pendant dix-sept (17) années, la Commission a attiré l'attention des autorités étatiques sur la réalité de la violence dans la société et a formulé des recommandations à ces mêmes autorités de l'Etat, sans considérer leur appartenance ou tendance politique, pour leur demander d'agir sur ce grave problème qui bouleverse le pays.**

Dans ce nouveau rapport, la Commission a enregistré moins de cas de victimes de violence armée dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince, comparé au rapport précédent. Toutefois, **la Commission ne croit pas que le climat d'insécurité a vraiment baissé pour autant.** Il faut considérer d'autres facteurs, comme l'intensité de la violence qui rend la collecte des informations sur le terrain plus difficile ; ensuite, des témoignages font savoir que les bandits ont développé leur propre façon pour faire disparaître les cadavres de leurs victimes. Citons, par exemple, ce qui se passe à la Croix de Bossales, Tokyo, Savanes Pistache, Canaan, et Cite Soleil.

**Justice et Paix condamne avec force tous ces actes de violence à travers la capitale et dans le pays, d'où qu'elle vienne, qu'importe son auteur ou les motifs de leurs actes, parce que la lutte pour la vie est contraire à la violence.**

Dans ce rapport, la Commission demande à l'institution policière de faire aboutir les enquêtes qu'elle a ouvertes sur les victimes de violence. Que la victime soit un policier, un citoyen ou citoyenne. Elle demande aux médias, en l'occurrence la presse parlée d'être plus prudente quand elle donne la parole à des bandits qui sèment le deuil dans la population. Cette pratique peut traumatiser la population et bloquer sa coopération pour déraciner ce mal. D'ailleurs, il y a des questions éthiques sérieuses qui se posent quand des criminels peuvent se vanter de leurs forfaits dans la presse. La Justice doit aussi agir également. Il est anormal que le Commissaire du Gouvernement (le protecteur de la société) n'ouvre pas des enquêtes pour examiner des dénonciations faites par la clameur publique. Dans ce rapport, la Commission fait état également des événements qui se sont déroulés entre le 7 et le 18 février 2019, où la police est intervenue avec beaucoup de brutalité, occasionnant la mort d'une vingtaine de personne et une trentaine de blessés.

La Commission Justice et Paix croit fermement que rien ne puisse remplacer la vie. Trop de sang coule dans les quartiers populaires. Pourquoi les autorités étatiques n'élaborent-elles pas un vrai plan de sécurité pour les quartiers populaires ? Pourquoi les bandes armées font-elles la loi dans ces quartiers ? Quelle est le rôle du CSPN (Conseil Supérieur de la Police Nationale) dans ces situations ? Pourquoi ce silence des Pouvoirs de l'Etat devant ce qui se passe à La Saline et à Cité Soleil ? Les Pouvoirs étatiques doivent envoyer d'autres signaux qui permettront à la population d'observer un signe de changement et une volonté réelle des pouvoirs publics d'agir contre la violence dans la société.

Le Secrétariat de la Commission remercie les services de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, notamment la Police Nationale (PNH) et l'Hôpital Général (HUEH). La Commission vous remercie pour le bon accueil que vous réserverez à ce 70<sup>ième</sup> rapport.

## Open Letter to the Executive, Legislative, Judiciary and Police Authorities in the Country

The Episcopal National Commission on Justice and Peace in collaboration with the Commission of the Archdiocese of Port-au-Prince greets you respectfully.

With this first report of 2019, JILAP (the Commission) ends its 70th report on violence in the metropolitan area. From 2002 to 2019, the Commission issued 70 reports; that means the result of 210 months of monitoring of violence in a space of 17 and a half years. **For more than 17 years now the Commission has drawn the attention of the State Authorities to the reality of violence in society and made recommendations, without considering their affiliation or political trend, to ask them to act on this serious problem which disrupts the country.**

In this new report, the Commission apparently registered fewer cases of victims of the armed violence in the metropolitan area of Port-au-Prince, compared to the previous reports. And yet, the Commission does not believe that the climate of insecurity has declined. Considering the intensity of the violence other factors have to be considered. The intensity of the violence indeed makes it more difficult to gather information; then, witnesses let us know that the bandits have developed their own way to do away with the bodies of the victims. We remind what is happening in the areas of Croix de Bossales, Tokyo, Savanne Pistach, Canaan, and Cité Soleil.

**The Commission on Justice and Peace strongly condemns all acts of violence throughout the capital of Port au-Prince and in the country, no matter its authors or its objectives, because the struggle for Life is contrary to the violence. Violence and Life are incompatible like milk and lemon.**

In the recommendations of this report, the Commission is asking the Police to bring to an end the investigations that were opened. Whether the victim is a police officer or an ordinary citizen, investigations have to be made fully. The Commission asks the media, such as radio stations, to be more prudent when giving the floor to bandits who sow mourning in the population. This practice can traumatize the population and block its cooperation to uproot this evil. In fact there are serious ethical questions that arise when criminals can publicly talk about their crimes. Justice must also be done. It is unacceptable that the Commissioner of the Government (called the protector of society) does not open investigations to examine complaints made by the public clamor, as the law requires. In this report, the Commission reports on events that happened between the 7<sup>th</sup> and 18<sup>th</sup> of February 2019, where the police intervened with major brutality during a manifestation with the death of 20 people as a result; thirty other people were injured.

The Justice and Peace Commission believes that nothing can replace Life. Too much blood flows in the popular neighborhoods. Why do the State Authorities not develop a real security plan for these neighborhoods? Why are the armed gangs so powerful in these areas? What is the role of the CSPN (Superior Council of the National Police) in these situations? Why this silence of the State Authorities in front of what is happening in areas as La Saline and Cité Soleil? The Government in place must send other signals to the population that allow to perceive a sign of change and a real determination of the Authorities to act against violence in society.

The Secretariat of the Committee thanks the State Services that allowed it to verify certain informations or data, such as the National Police (PNH) or the services of the General Hospital (HUEH). The Commission thanks the Authorities for the attention that they will give to this 70th report.

### Carta abierta a las autoridades Ejecutivas, Legislativas, Judiciales y Policiales del país

La Comisión Nacional Episcopal de Justicia y Paz, JILAP, en colaboración con la Comisión de Justicia y Paz de la Archidiócesis de Puerto Príncipe, lo saluda respetuosamente.

Con este primer informe trimestral del 2019, JILAP llega a su informe número 70° sobre la observación de la violencia y la violencia y los derechos humanos, en el área metropolitana. Del 2002 al 2019, la Comisión emitió 70 informes. Es decir, el resultado de 210 meses de vigilancia de la violencia en un espacio de 17 años y medio. Durante estos 17 años, la Comisión ha llamado la atención de las autoridades estatales sobre la realidad de la

violencia en la sociedad y ha hecho recomendaciones a las autoridades, sin considerar su afiliación o tendencia política, para pedirles que actúen sobre este grave problema que perturba al país.

En este nuevo informe, la Comisión registra menos casos de muerte violenta en el área metropolitana de Puerto Príncipe, con relación al último trimestre del año 2018. Sin embargo, la comisión no cree que el clima de inseguridad haya bajado, al contrario, hay un hecho a considerar. Ante los grandes actos de violencia en los barrios populares, se hace más difícil encontrar información, además, que como la violencia es perpetrada en dichas zonas, se hace muy difícil registrarla. Muchos testigos afirman, que los bandidos tienen sus medios para desaparecer los cadáveres. Podemos citar lo que pasa en mercado Kwadobosal, a Tokio, a Savan pistache, a Lasalin, a Kanaran y a site soley.

**La Comisión de Justicia y Paz condena enérgicamente todos los actos de violencia realizados en cualquier lugar del país, sin importar su autor o la causa, porque la lucha por la vida es contraria a la violencia. La violencia y la vida son como la leche y el limón.**

En las recomendaciones de este informe, la Comisión está pidiendo a la policía que lleve a buen término las investigaciones que se iniciaron sobre las víctimas de violencia ya sea es un oficial de policía o un ciudadano común. La Comisión le pide a los medios de comunicación especialmente la radio, que sean más prudentes a la hora de ceder la palabra a los bandidos que siembran luto en la población. Esta práctica puede traumatizar a la población y bloquear su cooperación para erradicar este mal. De hecho, hay serias cuestiones éticas que surgen cuando los delincuentes pueden hablar públicamente sobre sus delitos.

Hay que hacer justicia. Es anormal que el Comisionado del Gobierno (el protector de la sociedad) no abra investigaciones para examinar el clamor del pueblo, sobre el funcionamiento de los grupos al margen de la ley. En este informe, la Comisión informa también, sobre los hechos ocurridos entre el 7 y el 18 de febrero de 2019, donde la policía intervino brutalmente durante una manifestación dejando como resultado, 20 personas muertas y otras treinta heridas.

La Comisión de Justicia y Paz cree que nada puede reemplazar la vida. Demasiada sangre derramada en los barrios populares. ¿Por qué las autoridades estatales no desarrollan un plan de seguridad real para estos vecindarios? ¿Por qué las pandillas armadas son quienes aplican la ley en estas zonas? ¿Cuál es el papel del CSPN (Consejo Superior de la Policía Nacional) en estas situaciones? ¿Por qué tanto silencio de los poderes del Estado frente a lo que está sucediendo en el área de La Saline y Cité Soleil? Las Autoridades estatales deben enviar otras señales a la población, que permitan ver un signo de cambio y una voluntad real de actuar contra la violencia en la sociedad.

La Secretaría de la Comisión agradece a los Servicios del Estado que le permitieron verificar ciertas informaciones o datos, como la Policía Nacional (HNP) o el Hospital General (HUEH). La Comisión agradece a las autoridades la atención prestada a este 70º informe.

Mme Jocelyne COLAS NOEL, Directrice Nationale

M. Joël JOSEPH, Secrétaire Général de Jilap Port-au-Prince

M. Jean Bernard MARCELIN, Responsable de l'Observation



## Tablo ki ramase mwa janvye rive mas 2019

*Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince*

*De janvier à mars 2019*

|  |   | Mwa<br>janvye<br>36<br>viktim | Mwa<br>fevriye<br>57<br>viktim | Mwa<br>mas<br>29<br>Viktim |
|--|---|-------------------------------|--------------------------------|----------------------------|
| <b>a. Sou idantite viktim yo</b>                           |   |                               |                                |                            |
| Polisyè / ajan sekirite ki viktim                          |   | 6                             | 1                              | 2                          |
| Fanm ki viktim   |   | 1                             | 1                              | 5                          |
| Timoun ki viktim   |   | 1                             | 3                              | -                          |
| Viktim yo pa konnen kilès yo ye                            |   | 21                            | 29                             | 18                         |
| Viktim yo konnen kilès                                     |   | 15                            | 28                             | 11                         |
| <b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>                               |   |                               |                                |                            |
| Moun ki mouri ak bal                                       |   | <b>33</b>                     | <b>42</b>                      | <b>25</b>                  |
|  | Moun ki mouri ak bal<br>lapolis                         | -                             | 12                             | 2                          |
|  | Moun ki mouri nan<br>afwontman ak polis                 | 6                             | -                              | -                          |
|  | Moun ki mouri ak bal<br>bandi ki nan gang               | 3                             | 3                              | 1                          |
|  | Viktim afwontman ant<br>gang                            | 5                             | -                              | 14                         |
|  | Moun ki mouri ak bal nèg<br>ak zam yo pa rive idantifye | 19                            | 27                             | 8                          |
| Moun ki touye tèt yo                                       |   | -                             | <b>1</b>                       | -                          |
| Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè,<br>baton ak manchèt |   | <b>2</b>                      | <b>1</b>                       | <b>1</b>                   |
| Moun ki mouri nan aksidan                                  |   | <b>1</b>                      | <b>7</b>                       | <b>3</b>                   |
| Moun ki mouri nan move tan                                 |   | -                             | -                              | -                          |
| Lòt kòz ak sa yo pa konnen                                 |   | -                             | <b>6</b>                       | -                          |
| <b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>                          |   |                               |                                |                            |
| Komin Pòtoprens  |   | 15                            | 39                             | 21                         |
| Komin Site Solèy   |   | -                             | -                              | 4                          |
| Komin Kafou  |   | 4                             | 1                              | -                          |
| Komin Dèlma  |   | 6                             | 10                             | -                          |
| Komin Petyonvil, wout Frè                                  |   | 1                             | 3                              | 1                          |
| Komin Taba   |   | 5                             | 3                              | 3                          |
| Komin kwadèboukè   |   | 5                             | 1                              | -                          |
| <b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>                           |   |                               |                                |                            |
| Moun ki mouri sou etikèt vòlò                              |   | 4                             | -                              | -                          |
| Etikèt kidnapè/bandi                                       |   | 2                             | -                              | -                          |

## Pou antre pi fon nan analiz la

### Konsta yo :

- 1- Evènman mwa fevriye yo ;
- 2- Ankèt yo pa abouti ;
- 3- Pa gen okenn respè pou lavi moun ak pou espas sakre yo ;
- 4- Yon kalite langaj sou vyolans ki pou jistifye prèske tout bagay ;
- 5- Moun ki mouri oubyen disparèt, kote fanmi yo pa jwenn kadav yo.

\*\*\*\*\*

### 1- Evènman mwa fevriye yo

#### Ki jan sa te ye anvan evènman fevriye yo

Pandan plis pase twa (3) semèn, opozisyon politik la te anonse yo pral leve kanpe kont Prezidan Repiblik la Jovenel MOISE jou ki jedi 7 fevriye 2019 la, yon manyè pou yo fòse l demisyone. Jou ki te madi 5 fevriye 2019 la, gouvènman an te dekrete yon « ijans ekonomik » sou tout peyi a. Desizyon sila a te panike plizyè gwoup enterè nan peyi a. Si pwòch ak patizan pouvwa PHTK a te bat bravo pou desizyon sila a, kèk sektè nan opozisyon an te kritike epi voye jete desizyon sa a akòz yo panse li pa t ap pote anyen nan sitiyaasyon malouk sa a peyi a ap travèse a.

N ap raple, Prezidan Jovenel MOISE te pran pouvwa a jou ki te 7 fevriye 2017. Lè sa a yo t ap chanje 1 dola ameriken pou 67, 9 goud. De (2) lane aprè, 7 fevriye 2019, lajan ameriken monte \$ 1 pou 78. 5 goud. Nan finansman mwa janvye 2019 la, elèv lise Pèchina yo, nan vil Jakmèl, te fè yon gwo manifestasyon ki te paralize aktivite lekòl nan vil la pandan plis pase de (2) semèn. Se menm jan an tou, pwopriyete 18 boulanjri nan vil Jakmèl te deside kanpe travay pou yon ti bout tan jou ki te lendi 4 fevriye 2019 la akòz pri farin nan te twò chè. Anplis toujou, kèk gwo magazen, nan vil Okay, te deside fèmen pòt yo soti madi 5 pou rive samdi 9 fevriye 2019 la, akòz sitiyaasyon lamizè a k ap fini ak pèp ayisyen an. Nan Pòtoprens yon gwo depo alimantè « Marché Ti-Tony » te deja fèmen pòt li depi kèk jou anvan sa.

#### Sa ki lakòz evènman fevriye yo :

Nou pa kapab pale sou evènman mwa fevriye yo san nou pa pale sou dosye Petwokaribe a. Sou gouvènans René Garcia PREVAL, nan lane 2006 la, Leta Ayisyen te siyen yon akò ak Leta Venezyelyen ki rele “Akò Petwokaribe,” yon akò ki gen 18 peyi Karibeyen ak Amerik Latin ladan l. Nan kad akò sa a, peyi Venezyela t ap vann Ayiti petwòl ak mazout ak yon pri preferansyèl. Ayiti ap bay 40% nan manman lajan an lapoula, epi rès 60% lajan an Ayiti t ap peye l sou yon peryòd 25 lane ak yon enterè 1 % chak lane. Men nan kontra a, Venezyela bay Ayiti de (2) lane gras.

Gen de (2) rapò Sena peyi a te pibliye sou fason yo te sèvi ak lajan an, se sa yo rele dosye Petwokaribe a. Men rapò yo :

- 1) Rapò senatè Youri LATORTUE
- 2) Rapò senatè Evalière BEAUPLAN.

Aprè 2 (de) rapò sa yo, popilasyon ayisyen an potko konprann degre koripsyon ki te genyen nan jesyon lajan Petwocaribe a. Finalman, apre plizyè gwo mobilizasyon sitwayèn, Lakou Dèkont sòti yon rapò pasyèl nan dat 31 janvye 2019 sou move jesyon lajan Petwocaribe a. Rapò a montre enplikasyon yon ansanm konpayi ki siyen kontra avèk Leta Ayisyen, men ki pa respekte kontra yo a oubyen kontra yo pa t fèt selon sa lalwa mande. Pami konpayi sa yo genyen Agritrans, yon konpayi Prezidan Jovenel MOISE t ap dirije. Mete sou sa, mouvman « *petro-challenge* » (Petwotchalenndjè) yo, yon ansanm etidyan, gason kou fi ak pwofesyonèl angaje, te fè yon gwo mobilizasyon sou entènèt la sou dosye Petwocaribe a. Jèn fi ak jèn gason ki nan mouvman « *Petro-challenge* » lan itilize anpil imaj ak konviksyon pou ede popilasyon an konprann sa ki gen awè ak dosye Petwocaribe a.

Opozisyon politik la pral ranmase tout pawòl sa yo pou rekòmanse ak ansanm mobilizasyon li te kòmanse mennen nan lane 2018 yo kont pouvwa PHTK a. Kidonk manifestasyon 7 fevriye 2019 la ta pral genyen de (2) prensipal revandikasyon ladan li :

- 1) Reyalize pwosè Petwocaribe a ;
- 2) Demisyon Prezidan Repiblik la, Jovenel MOISE.

#### **Sa ki te pase nan evènman fevriye yo :**

Sòti jedi 7 pou rive lendi 18 fevriye 2019, peyi a te konnen yon evènman san parèy. Pandan douz (12) jou kote prèske tout bagay te fèmen nan peyi a, popilasyon an te pran lari pou manifeste kont lavichè, pou mande pwosè Petwocaribe a epitou pou mande Prezidan Jovenel MOISE kite pouvwa a. Pandan douz (12) jou kote twa (3) Pouvwa Leta yo te sanble pa t jwenn pawòl pou di pou fè pèp ayisyen an rantrè lakay yo, douz (12) jou kote Lapolis nasyonal la te sanble rive nan tobout li.

Jedi 7 fevriye 2019 la te fè prezidan Jovenel MOISE de (2) lane nan tèt pouvwa Egzekitif la. Se te menm dat sa a tou prezidan an te chwazi pou li te relanse dyalòg ant opozisyon an ak gouvènman li an. Sepandan, opozisyon politik la te anonse depi kèk jou y ap sou beton an jou ki 7 fevriye a. Finalman, jan sa te anonse a, jedi 7 fevriye 2019 la, plizyè milye moun te pran lari nan prèske tout gran vil peyi a pou manifeste sa ki ta pral anile otomatikman yon dyalòg prezidan Repiblik la te anonse a.

Pandan tout jou sa yo plizyè lopital nan kèk gran vil nan peyi a te gen gwo difikilte pou resevwa moun ki te blese. Lopital Notre-Dam Tigwav te oblije fè transpòte an ijans plizyè moun ki te blese ak bal ki te grav anpil nan Lopital Bèna Mez nan Pòtoprens. Selon sa doktè Jessy Colimon ADRIEN, ki se direktis egzekitif Lopital Jeneral la, te konfye ak anketè JILAP yo : « Lopital Jeneral te kòmanse resevwa malad jou ki te jedi 7 fevriye 2019 la jiska samdi 9 fevriye 2019. Yo te sispann resevwa malad akòz sal ijans yo a te twò pre lari epitou li te ekspoze ak gaz lakrimojèn. Sòti jedi pou rive samdi yo resevwa sèlman 4 blese grav. » Se sa ki fè nan Pòtoprens, majorite moun ki te blese yo se te nan Lopital Bèna Mez ak nan Lopital Lapè yo te ale.

Bilan manifestasyon 7 fevriye 2019 la lou anpil. Lapolis la te aji avèk gwo britalite. Komisyon an registre plis pase yon ventèn moun ki pèdi lavi yo. Anpil moun blese grav, majorite ladan yo se ak bal Lapolis yo viktim. Nou fè sonje yon videyo ki t ap sikile sou rezo sosyal yo ; « **Kakout pran bal** », kote yo montre yon jèn manifestan ki te touche ak bal plizyè kote nan kò li. Komisyon an denonse move konpòtman



Lapolis k ap tire bal reyèl sou popilasyon an nan manifestasyon yo. Genyen anpil dega materyèl yo rejistre, tankou: enstitisyon Leta yo ki kraze ak sa ki pran dife, biznis prive (ponp gazolin, magazen, lekòl, elatriye.) ki kraze oubyen ki boule tou. Pandan evenman mwa fevriye yo, yo kraze prizon Aken an nan depatman Sid la, anviwon 70 detni ak prizonye pati kite prizon an, sa ki ajoute sou nivo ensekirite a nan depatman sila a.

Komisyon an kwè Leta ayisyen dwe pran responsabilite l pou diminye fristrasyon majorite moun ki nan malsite anndan peyi a. Dwe genyen yon chanjman reyèl ki pote yon bagay anplis pou popilasyon an ki depi lontan kwoupi nan yon mizè san parèy, pandan otorite yo menm ap benyen nan lajan. Ayiti se pou tout ayisyen, se nou tout ansanm ki pou fè l avanse. Si se pa sa, peyi a ap toujou miltipliye evènman sa yo ki p ap mennen l okenn kote, sinon nan katchouboumbe.

## **2- Ankèt yo pa janm abouti**

Byen bonè nan lane 2019 la, sitiwayon vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan pa t twò diferan parapò ak lane 2018 la. Chak jou ki pase nèg ak zam ap teworize popilasyon sivil nan katye popilè yo. Nan plizyè rapò anvan yo, Komisyon an eksplike mòd fonksyonman gwoup gang sa yo, sèl sa ki enterese yo se fè san popilasyon an koule epi rache lajan nan men yo nenpòt kijan. Yo pa gen respè pou pyès moun, sa ki bay plis pwoblèm, se paske anpil eleman nan klas politik la ak bizismann sèvi ak gwoup gang sa yo pou regle zafè yo pandan se popilasyon an k ap sibi tout vye zak malonèt yo.

Nan tout ka moun ki mouri ak zak vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan Komisyon an konstate jiskaprezan, nou poko konnen ki ankèt ki te abouti tout bon vre. Se chak jou popilasyon an ap konte kadav devan je otorite yo ki yo ki pa leve pwent dwèt yo pou fè kichòy. Se konsa, menm si Lapolis la toujou di l ap fè ankèt sou kèk ka, men popilasyon an pa janm konnen rezilta ankèt sa yo. Komisyon an konstate tou : menm pou polisye yo ki viktim nan kad travay yo, enstitisyon Lapolis la pa janm pibliye yon rezilta ankèt definitif yon manyè pou ede popilasyon an konprann kisa ki te pase toutbon. Menm si anpil fwa lè yon polisye mouri nan kad travay li, lòt polisye ki te nan menm inite ak li konn al fè represyon sou popilasyon ki rete nan zòn kote aksyon an te rive a. Nou kapab site kòm egzanzp lè yo te touye polisye Watson Jean nan Lilavwa 39, epi ajan BOID yo t al fè represyon sou popilasyon nan zòn nan epi boule anpil kay.

Pou JILAP, pa gen anyen ki kapab regle ak vyolans. Si nou vle genyen yon chanjman toutbon vre nan peyi a, se Lajistis pou nou bay jarèt. Pou premye trimès lane 2019 la, deja genyen nèf (9) polisye ki mouri ak bal nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Depi kreyasyon enstitisyon Lapolis la, nan lane 1995, yo poko pibliye rezilta okenn ankèt sou yon polisye ki te viktim ak bal. Si enstitisyon Lapolis la poko dakò pou li fè ankèt sou pwòp manm pa li yo ki viktim nan kad travay yo, èske Lapolis ak Lajistis la ap fè l pou nenpòt moun nan popilasyon an ki mouri anba bal bandi ?

Komisyon an konstate valè lavi genyen, fè gwo bak nan peyi a. Komisyon an vle eksplike sa nan de (2) ka vyolans ki te atire atansyon l nan dènye tan sa yo :

a. Polisye ki fin metrize yon moun, men li tire l kanmenm.

- Nou kapab site sak te pase jou dimanch 20 janvyè 2019 nan kad aktivite pre-kanavalèsk yo : yo tire yon jèn gason nan foul la ; touswit apre, yo idantifye otè zak la kòm yon polisye ;

- Jou ki te 15 mas 2019 nan komin Taba yon chofè moto fwote ak yon machin lapolis. Chofè a rale zam li epi li tire chofè moto a.

b. Gen polisye k ap tire polisye parèy yo tou :

- Jou ki te lendi 28 janvyè 2019 la yon bakòp BOID tire polisye Claude Barthélemy Junior bò estad Sylvyo Katò ;
- Jou ki te 28 mas 2019 la, yo tire polisye Pierrelin Jean-Baptiste nan kafou Fleryo. Temwen ki te la deklare se te yon machin ak plak SE ki te tire sou polisye a.

***Sèlman yon ankèt serye ki ta kapab fè konnen toutbon vre sa ki te pase nan diferan ka vyolans sa yo. Komisyon an kwè lavi se yon bagay ki sakre, pèsòn pa gen dwa retire l.***

### **3- Pa gen respè pou lavi moun ak pou espas ki sakre yo**

Plis vyolans la dire, se plis otorite yo p ap ka kontwole l. Plis gen nan otorite yo k ap sèvi ak vyolans yo menm pou yo regle zafè yo, se plis respè pou lavi moun ak pou espas sakre yo ap fè bak.

Nan dènye evènman yo, bandi pa respekte kay moun, menm lopital kote yo pran swen malad ak moun ki blese, tounen kote pou yo fè regleman kont. Nou kapab site :

a) Lopital Sent Katrin nan Site Solèy fèmèn pòt yo pandan plizyè semenn ;

b) Lopital Matènite Chansrèl (La Maternité Isaïe Jeanty) pa ka resevwa malad yo, akòz plizyè gwoup gang pran tout zòn nan an otaj epi boule kay popilasyon sivil la anba je otorite yo ;

c) Nan lannwit samdi 9 pou dimanch 10 mas 2019, nan Lopital Lapè Dèlma 33, Komisè Gouvènman a.i Kwadèbòkè a Williams Aristil ak sekirite l bat doktè Chrislor Lestin nan moman li t ap opere yon malad nan Lopital la ;

d) Nan Lopital Jeneral, jou ki te 26 desanm 2018 la, yon gwoup nèg ak zam rantre nan sal ijans lan, yo pran yon pasyan epi y al touye l devan pòtay Lopital la.

Nan dènye tan sa yo, bandi yo itilize rezo sosyal yo tou pou fè plis vyolans sou popilasyon an. Gwoup nèg ak zam sa yo poste plizyè videyo sou watsap ak fesbuk k ap degrade lavi moun. Konsa, nan yon videyo, yo montre kote y ap egzèkite yon jèn gason. Gen yon lòt videyo kote yo montre yo fin boule kadav yon moun epi youn nan yo manje yon moso nan kavav boule a. Bagay sa yo revòltan, otorite nan peyi a pa kapab kite timoun ap gade videyo sa yo. Nou pa kapab lage sosyete a nan men bandi pou y ap fè ak defèt jan yo pi pito, nou dwe reveye konsyans nou pou kanpe sitiyo degradan sa a.

Komisyon an kondane tout fòm zak vyolans sikolojik sa yo. Li kondane mank respè pou lavi moun ak pou moun ki blese yo. Li denonse konpòtman otorite yo ki pran atitid pouryanis yo, ki pa di epi ki pa fè anyen, ki pa arete moun ki koupab yo, ki pa trennen pyès moun k ap fè zak sa yo devan lajistis.

### **4- Yon mòd langaj sou vyolans sèvi pou jistifye tout bagay**

Vyolans se vyolans, pèsòn moun pa dwe bliye sa. Komisyon an denonse tout fòm ak tout zak vyolans k ap fèt anndan sosyete a, paske vyolans pa mache ak yon batay pou lavi. Men tou, kapab genyen anpil

konfizyon sou ki sa k rele vyolans. Nou rele vyolans : **Yon sitiyasyon oswa yon zak kote espwa pou genyen bon kalite lavi k ap dire pou tout moun ak pou kominote yo diminye anpil. Sitiyasyon sa a se volonte moun ki kreye l.**

Jounen jodi a, toupatou nan peyi a, genyen oswa yon gwoup gang ki tabli deja oubyen yon gwoup gang y ap mete sou plas. Chak gwoup gang sa yo genyen chèf nan tèt yo, epi chak chèf gang sa yo devlope yon mòd langaj sou vyolans lan pou jistifye zak malonèt ak babari kriminel y ap fè yo nan peyi a chak jou. Men tou, fòk nou siyale se nan laprès chèf gang sa yo devlope mòd langaj sa yo. Li pa nòmal ditou pou bandi sa yo pran mikwo laprès pou vante tèt yo epi pou eksplike se paske pa gen dlo potab, pa gen lekòl, pa gen sèvis sante nan katye popilè yo, elatriye... ki fè yo menm yo pran zam. Poutan, se moun ki pi vilnerab nan sosyete a ki peye tout aksyon malfektè y ap fè yo. An verite, se plis moun nan katye popilè yo ki peye po kase yo lè gwoup gang sa yo ap goumen ant yo menm.

Nou dwe konprann, lavi ak vyolans se lèt ak sitron. Sitiyasyon vyolans yo se moun ki kreye yo, se moun ki fè vyolans. Yon branch bwa ki tonbe kapab fè w mal, men se pa li ki vyolans lan. Yon chen ki mòde w kapab fè w mal, men se pa li ki vyolans lan. Tè a k ap tranble ki lakòz anpil moun mouri ak anpil dega materyèl, men se pa li ki vyolans. « **Se moun ki kreye vyolans lan nan relasyon l ak lòt moun** ». Konsa, gen diferan kalite vyolans, tankou :

- Vyolans fizik : asasinay, bat moun, vyolans seksyèl ;
- Vyolans nan chapant sosyal ak ekonomik yo : esplwatasyon, peze souse, fristrasyon gwoup defavorize yo.
- Vyolans sikolojik, kote moun blese lespri ak nanm lòt moun nan menas, mansonj, kreye laperèz, fè presyon sou moun elatriye.
- Vyolans mantal kote yo fè vyolans sou konviksyon ak konsyans yon lòt moun.

Vyolans lan kapab rive chita nan chapant sosyete a menm ki anpeche moun viv nòmal. Move kondisyon lavi moun ap viv anndan sosyete a konn ankouraje vyolans tou. Lè sa a vyolans lan tounen yon sistèm ki byen rasinen nan sosyete a ak nan konpòtman moun yo. Se yon defi pou nou disparèt sistèm sa a ki plen vyolans ladan li anndan sosyete a. Sitou lè nou konsidere otorite nan twa (3) Pouvwa Leta yo ki refize pran responsabilite yo pou rezoud pwoblèm sitiyasyon vyolans nan peyi a.

Komisyon an dakò ak analiz monseye Helder Camara lè li t ap di : Premye vyolans lan se enjistis ki egziste toupatou kote yon ti gwoup privejye kenbe tout richès yo pou yo sou mizè popilasyon an. Dezyèm vyolans lan se parapò ak premye a kote moun k ap souffri yo santi yo blije reyaji. Twazyèm vyolans lan se vyolans represyon Leta a, ki atravè sistèm jistis ak polisye a ki tabli ap mete sa yo rele lòd piblik ak sekirite. Anpil fwa, vyolans sa a pwovoke lòt reyaksyon ak nouvo represyon, lè sa a yo plonje popilasyon an nan yon toubyon vyolans.

Komisyon an kwè yon travay konsekans pou chanjman anndan sosyete a dwe chwazi chimen ak metòd ki pa genyen vyolans ladan l, poutèt respè pou lavi moun. Nan peyi a, twòp otorite sèvi ak vyolans pou rive reyalize objektif yo. Yo sèvi ak moun ki nan plis bezwen yo, sila yo ki pi fèb yo ak fristrasyon jèn yo ki p ap travay, ki pa kapab ale lekòl, nan pwòp avantaj pa yo. Menm si, anpil nan yo, gen yon mòd diskou lapè ak dyalòg nan bouch yo, an reyelite, se kouch sosyal yo y ap mete youn kont lòt. Otorite politik sa yo ak anpil biznisman pa sispann distribiye anpil zam ak bal nan katye popilè yo pou reyalize pwòp enterè pa yo.

